

Shoko rokuti **sanduko** rinoreva muitiro mumwe mutsva wakasiyana kana kutendeutswa kubva kune chimwe chisungo kana tsika imwe.

FISP chironwa chinofanira kupedzwa uye kutsiviwa neimwe nzira inofarira kurima kuchishandiswa zviwanikwa zviri munharaunda asi zvinga paradzwi, kuvandudza mabhizimisi evoruzhinji zviri zvinowedzera mabasa anotsigira nzira itsva iyi, tsvakurudzo inoitwa navarimi uye budiriro, kutsigira uye kuziva hurongwa hwembeu yomurimi, uye zvivako zvihombe zvinosanganidzira (mvura uye migwagwa) - zvose kupa seboka, rubatsiro rwenguva refu.

Kutsigira nzira yekubata pamwe

- ▶ Varimi nevarimisi vanoda rutsigiro kuburikidza kudzidziswa kurima kuchishandiswa zviwanikwa zviri munharaunda asi zvinga paradzwi.
- ▶ Pano tarisirwa hurongwa hwemubatanidzwa wevanhu, masangano nevapi vemazano akasiya-siyana.
- ▶ Panofanira kuva nenzira zhinji dzekufamba kwemashoko uye ruzivo pakati pevarimi, vaongorori, varongi vemumitemo, uye tsika, chikamu chimwe nechimwe chichi taura nechimwe.



Kutora masimba zvakare

Varimi vadiki vanofanira:

- ▶ kupiwa mukana uye kupindurawo vachishingaira mukati mezvose zvine chokuita navo;
- ▶ kuteverera nekuongorora zvaitika nezvabuda; uye
- ▶ kukurudzira kusatsaudzirwa kwezvibatiso pamwe nemari zvichienda kuvafumi.

Sanduko kubuda kunze kweFISPs